



Pou Piblikasyon Imedya: 02/03/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO INISYATIV POU SIPÒTE ENDISTRI
OSPITALITE A AVÈK YON OTORITE ALKÒL ETA KI PI EFIKAS**

Gouvènè a mete aksan sou enpòtans bwason a anpòte pèmanan ak lòt pwopozisyon bidjè pou modènize règleman Alkòl Eta a yo, sipòte ti biznis yo ak tounen avèk endistri ospitalite a

Amelyorasyon nan SLA yo gen ladan plis anplwaye, mwens tan pou mete biznis yo sou pye ak fonksyonèl

Mande SLA pou li travay avèk pati konsène yo ak revize règ ak règleman ki egziste yo pou tounen nan ABC LWA ABC a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a inisyativ pou sipòte rekipasyon restoran ak ba New York yo, sa gen ladan pwopozisyon pou legalize bwason a anpòte yo yon fason pèmanan ak pou asire yon Otorite Alkòl Eta (State Liquor Authority, SLA) ki pi efikas. Gouvènè a te mete aksan sou pwopozisyon ak mezi sa yo nan yon evènman nan Therapy Wine Bar 2.0, yon biznis Brooklyn ki te rive ouvri gras ak yon lwa [Gouvènè a te siyen an desanm](#) pou pèmèt pèmi tanporè pou sèvi alkòl. Gouvènè Hochul te anonse tou pwopozisyon pou mete ajou lwa sou alkòl eta a ak pou finanse amelyorasyon operasyonèl yo nan Otorite Alkòl Eta a pou revitalize endistri ospitalite plizyè milya dola eta a, youn nan endistri ke pandemi an te frappe plis. Pou asire règleman SLA yo entèlijan ak efikas posib, Gouvènè Hochul te mande SLA tou pou li konsilte reprezantan ak pati konsène yo nan endistri a pou revize lwa ki egziste yo ak idantifye fòmalitye administratif yo.

"Lavi lannuit ak endistri ospitalite New York la pa gen parèy, epi eta nou an pa kapab tounen sou pye toutbon apre pandemi sa san nou pa revitalize sektè enpòtan sa nan ekonomi nou an ak plizyè santèn milye travay li bay", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou dwe sa ak ti biznis nou yo pou ba yo resous ak estrikti règmanchè yo bezwen pou yo grandi ak pwospere, se poutèt sa li enpòtan pou nou refòme ak modènize Otorite Alkòl Eta a. Se apèn youn nan plizyè mezi n ap pran pou ede ti biznis yo tounen sou pye apre pandemi an pi djanm ke sa te janm ye anvan".

Aspè apwòch plizyè fasèt pou revitalize endistri ospitalite New York la ki nan pwopozisyon resan bidjè Gouvènè a gen ladan:

Plis finansman pou pèmèt biznis yo ouvri byen vit: Piske endistri ospitalite New York la te pami sila yo ke pandemi an te plis frape, Gouvènè Hochul te fè ouvèti biznis yo tounen yon priyorite prensipal. Gouvènè a te pwopoze ajoute 2 milyon dola nan depans pou bidjè SLA a pou ajoute anbochaj plis pase 30 anplwaye a tan plen. Bidjè fiks ak redwi ak kantite mendèv yo pandan ane pase yo te gen yon enpak sou efò SLA pou redwi anpil delè tretman yo - ki aktyèlman nan 20-26 semèn. Yon ba oswa restoran san yon pèmi operasyon tanporè dwe swa tann lisans li anvan li ouvri oswa ouvri san sèvis bwason alkolik, sa ki reprezante apeprè yon tyè nan revni li. Avèk enjeksyon resous Gouvènè a te pwopoze a, SLA pral kapab redwi plizyè mwa delè tretman aktyèl yo. Remèt mwa sa yo bay antrepriz yo pral pèmèt yo jenere revni ak anboche anplwaye pou pi byen sèvi vwazen ak kominote yo.

Senplifye pwosesis aplikasyon an: Bidjè Gouvènè a pwopoze tou redwi fòmalitye administratif yo pou akselere pwosesis aplikasyon an nan elimine egzijans lou ak detaye ke lalwa aktyèlman egzije pou aplikan yo. Revizyon konplè SLA sou pwosedi pou bay lisans yo detèmine egzijans ki pran tan yo tankou dokiman sitwayèn ak egzijans dokiman finansye ak enfòmasyon pèsònèl nan men pati konsène minorite yo, pa gen anpil valè nan desizyon pou bay lisans epi nan sante ak sekirite piblik, epitou sa kreye baryè ki pa nesèsè pou jwenn yon lisans.

Bwason a anpòte: Bidjè Gouvènè a pwopoze tou, kòm yon pati enpòtan nan Plan Sekou Milya Dola li pou ti biznis yo, pou tounen ak bwason a anpòte yo yon fason pèmanan pou restoran yo. Règleman sa te pote yon sovtaj ekonomik vital pou endistri ba ak restoran nou an pandan pandemi an epi retabli li, dapre pwòp limit yo, pral ede asire ba ak restoran nou yo tounen sou pye yo epi pwospere.

Modènize SLA: Kòm ajans ki responsab pou sipèvizè apeprè 70,000 lisans ak pèmi nan tout eta a epi pou trete plizyè dizèn milye aplikasyon chak ane, li obligatwa pou SLA kontinye modènize ak senplifye operasyon li yo. Bidjè Gouvènè a kontinye finansman yo reyòganizasyon konplè baz done lisans ak konfòmite SLA ki gen plizyè deseni depi li egziste. Pwosesis aktyèl la egzije voye aplikasyon papyè bay SLA, answit eskane ak anrejistre, anvan pou voye yo bay yon egzaminatè pou revizyon. Pwosesis sa ak lòt yo kapab trete yon fason ki pi efikas atravè pwogram enfòmasyon yo. Nan kad yon nouvo sistèm, ki ta dwe antre an sèvis ane sa, aplikasyon yo ak peman pral soumèt yon fason elektwonik, sa k ap elimine nesèsite pou sèvis kourye postal ak antre done manyèl, kidonk sa elimine anpil pwoblèm nan aplikasyon yo ki mennen nan delè revizyon ki pi long.

Gouvènè a te mete aksan sou yon seri chanjman lejislatif resan ak mizajou sou règleman administratif ke SLA te mete anplas pou sipòte ekonomi eta a:

Pèmi tanporè pou akselere ouvèti biznis nan Vil New York: Nan 21 desanm 2021, apre negosyasyon yon ekspansyon nou antann avèk lejislati a, Gouvènè Hochul te siyen yon pwojè lwa ki pèmèt nouvo restoran, ba ak boutik nan Vil New York kalifye pou yon pèmi fonksyonman tanporè pou premye fwa. Pèmi sa yo, ke SLA deja mete anplas,

ap pèmèt biznis ki te anvan sa pa kalifye pou ouvri ak fonskyone pou vann bwason alkolik nan mwens ke 30 jou.

Pèmi tanporè pou pwodiktè atizanal yo: Gouvènè a te siyen yon lòt pwojè lwa nan 21 desanm 2021, ke SLA te prepare, pou bay nouvo pèmi pou pwodiktè bwason atizanal yo pou sèvi ak fabrike bwason alkolik pandan lisans konplè yo annatant. Pèmi sa yo, ki anvigè nan fen mwa sa, pral pèmèt biznis fabrikasyon atizanal yo kòmanse fonksyone ak pote revni nan jis kèk semèn, sa k ap asire New York, ki kounye a klase pami senk pi meye eta Ozetazini pou kantite pwodiktè bwason atizanal li genyen nan chak kategori, rete yon lidè nan endistri bwason atizanal la.

Sinema: Nan 19 janvyè 2022, SLA te pibliye yon desizyon ki di biznis k ap jere sinema yo, yon lòt endistri ke pandemi an te devaste, kafliyè kounye a pou jwenn yon lisans pou sèvi byè ak diven bay kliyan adilt yo. Anvan desizyon sa, sinema yo te gen lisans sèlman si yo te satisfè definisyon yon restoran: sèvis repa konplè sou tab anndan sal sinema a, ki pa yon bagay posib pou anpil operatè sinema epi ki chè pou tout moun.

Bese kou pou ba ak restoran yo: SLA pral chèche amande règ ki egziste yo sou limit ekita pou "frè kès divize": frè anplis yo chaje restoran ak ba yo ki manke lajan kach, resous ak/oswa espas depo pou achte tout kès alkòl ak diven yo vann bay piblik la. Frè kès divize sa yo kapab rive nan 3 dola pou chak boutèy, yon gwo depans anplis ki gen yon enpak ki pa pwopòsyonèl sou ba ak restoran ki pi piti nan katye yo.

Ogmante transparans: Gouvènè Hochul te fè transparans tounen yon priyorite prensipal. Nan kad angajman kontinyèl SLA pou transparans, fasilite biznis ak kapasite repons kominote a, SLA te ajoute eleman sa yo nan lis enfòmasyon piblik long li ki disponib: delè tretman jeneral yo te ajoute nan resepsyon aplikasyon ak sitwèb; kontrandi Konsèy la ak dispozisyon atik Konsèy la te ajoute nan dosye Tout Konsèy la; epi byento, yon dat apwoksimatif sou detèminasyon an pral ajoute nan estati aplikasyon lisans yon aplikan. Anplis de sa, SLA te resamman remanye tout sistèm katografi GIS LAMP (Pwojè Katografi Otorite Alkòl) li a epi kontinye travay pou amelyore kapasite li ak prezantasyon done li yo. Epi, kòm dabitid, pandan SLA ap avanse, li fè sa nan konsantre sou aksè piblik la ak responsabilite.

Prezidan Otorite Alkòl Eta, Vincent Bradley, te deklare, "Otorite Alkòl Eta a fyè pou li jwe yon wòl nan efò kontinyèl Gouvènè Hochul pou revitalize endistri ospitalite eta nou an, yon endistri ki te fè fas ak difikilte san parèy pandan de ane pase yo. Nan kreye pèmi ki gen swivi rapid, elimine fòmalitye administratif ak bay resous pou pèmèt nouvo biznis yo ouvri byen rapid, estrateji konplè Gouvènè a pral asire endistri sa kontinye se yon motè ekonomik pou eta nou an".

Senatè Eta a Jessica Ramos te deklare, "Senplifye pwosesis pèmi tanporè otorite alkòl eta a, tounen ak bwason a anpòte yo, ansanm ak lòt mezi soulajman ki dekri nan pwopozisyon Gouvènè a se egzakteman piki endistri ospitalite New York bezwen. Nou kapab rann bagay yo pi fasil pou ti biznis yo epi an retou, kenbe koridò komèsyal nou yo dinamik. Tan cho ap rive epi Konsèy NYC ap pran mezi pou amelyore restoran ouvri yo,

kidonk mwen pare pou m fè pati pa mwen pou pèmèt bwason a anpòte yo travèse liy final la".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Asosyasyon Restoran Eta New York la, Melissa Autilio Fleischut, te deklare, "Gouvènè Hochul byen konprann detrès endistri ospitalite eta a epi ap travay pou akselere rekiperasyon nou. Refòm pwopoze sa yo pral kontribiye anpil nan amelyorasyon kondisyon biznis yo pandan n ap fè fas toujou ak enpak dirab pandemi COVID-19 la. Menm si nou toujou poko apwouve, nou otimis konsènan lavni epi nou valorize lidèchip Gouvènè Hochul sou pwoblèm tankou sila ak rann bwason a anpòte yon bagay pèmanan".

Direktè Egzekitif Alyans Ospitalite NYC (NYC Hospitality Alliance) a, Andrew Rigie, te deklare, "Pandemi an te devaste endistri restoran New York la. Se poutèt sa règleman entèlijan tankou lwa sou lisans alkòl tanporè a ap ede ti biznis yo ouvri pi vit pandan sa ap kreye nouvo travay epi se poutèt sa li nesèsè pou retabli règleman popilè sou bwason a anpòte yo ki bay biznis ki gen difikilte yo yon sous revni enpòtan pandan sa ap bay Nouyòkè yo sa yo vle, ki se diven ak kòktèl a anpòte ak livrezon ki soti nan restoran ak ba prefere yo. Nou remèsye Gouvènè Hochul dèske li adopte lwa sou lisans alkòl tanporè sa a, Senatè Ramos ak Manm Asanble Dickens dèske li defann lejislasyon an, epi kounye a n ap vanse pou nou travay ansanm ak Gouvènè a pandan l ap trase wout pou tounen ak bwason a anpòte yo, epi bay Otorite Alkòl Eta a sipò pou yo kapab pi byen sèvi biznis ki nouvo epi ki egziste deja yo. Bravo, New York!"

Direktè Egzekitif Asosyasyon Restoran ak Tavèn Empire State la, Scott Wexler, te deklare, "Efò Gouvènè Hochul yo pou sipòte restoran ak tavèn yo enpòtan pou retou endistri a nan nivo anplwa li te ye anvan pandemi an. Mezi sa yo pral pèmèt biznis yo ouvri pòt yo pi vit, jenere nouvo revni pou pwopriyetè ak travayè yo epi pral restore vitalite ekonomik nan katye yo nan tout Eta New York".

Prezidan Asosyasyon Restoran, Ba ak Salon Latino Eta New York la, Arelia Taveras, te deklare, "Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul dèske li pran mezi reyèl ak odasye pou modènize ak remanye Otorite Alkòl Eta a ak ranfòse kapasite li pou sèvi restoran ak kominote dafè a avèk pi plis pèsonèl ak reyalizasyon depo elektwonik aplikasyon yo. Mezi sa yo ansanm ak pwopozisyon Gouvènè a ki prezante nan bidjè egzekitif li a, ansanm ak bwason a anpòte yo, epi senplifikasyon pwosesis aplikasyon an pral fè yon gwo diferans pou restoran ak ba nouvo epi ki egziste deja yo ki gen difikilte pou itilize pwosesis SLA a pandan y ap eseye rete sou dlo pandan moman pandemi sa yo".

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)